



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON TÈREN POU TÈREN JWÈT
KOMINOTÈ VITAL BROOKLYN LAN NAN BUSHWICK**

***Tèren Jwèt P.S. 377 ki Koute 1.5 Milyon Dola a Fè Pati Inisyativ Devlopman
Kominotè "Vital Brooklyn" Gouvènè Cuomo a nan Brooklyn Santral***

Li soutni inisyativ "Sante Nan Tout Politik" Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a inogirasyon tèren pou yon nouvo tèren jwèt kominotè ke elèv yo te elabore nan lekòl P.S. 377 Alejandrina Benitez DeGautier School ki nan 200 Woodbine Street nan Bushwick, Brooklyn. Tèren jwèt ki koute 1.5 milyon dola a fè pati inisyativ "Vital Brooklyn" Gouvènè Cuomo a, ki se yon pwogram devlopman kominotè ki ap pote resous ki nesesè nan katye ki defavorize yo ki nan Brooklyn Santral, ki pral bay 34,189 abitan Bushwick espas ekolojik ki a yon distans 10 minit a pye de lakay yo.

"Atravè inisyativ 'Vital Brooklyn' lan, nou te fè pwogrè enpòtan nan amelyore aksè a espas ekolojik yo epi ede ranvèse inegalite sosyal, ekonomik ak nan sante kwonik yo nan Brooklyn Santral," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tèren jwèt yo se yon konpozan krisyal nan efò agresif sa a, pliske yo se yon leman ki ap atire fanmi ki jèn yo nan pak yo, epi enspire timoun yo pou yo pwofite de divètisman ekstèn yo atravè lavi yo."

"N ap trase yon nouvo chimen, amelyore kalite lavi a, epi transfòme Brooklyn pou fiti gras a inisyativ Vital Brooklyn lan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Tèren jwèt ki modèn, sekirize, epi aksesib yo se yon pati santral nan efò nou ap fè yo pou amelyore katye Brooklyn yo epi bay timoun yo opòtinite pou yo amize yo. Pwojè sa a ap kontinye ak efò devlopman nou ap fè yo nan zòn nan, devlope ekonomi an epi ranfòse kalite lavi pou timoun ak fanmi yo."

Inisyativ "Vital Brooklyn" Gouvènè Cuomo a, ki te lanse an 2017, vize kèk nan katye ki pi dezavantaje yo ki nan Eta New York. Konsantre sou kominote nan Brooklyn Santral yo, inisyativ lan abòde yon nesesite krisyal pou espas ekolojik ki nan yon vil kote 73 pousan katye ki gen revni fèb yo pa rive reponn a 1 ekta tèren pak pou chak 1,000 abitan ki se estanda vil la.

Òganizasyon The Trust for Public Land, New York Road Runners ansanm ak otorite Pak Eta New York yo (New York State Parks) te rejwenn etidyan, pwofesè, ak fanmi lokal Brooklyn yo pou yon inogirasyon tèren komemoratif pou make kòmansman konstwiksyon pou tèren jwèt kominotè ke elèv yo te elabore nan lekòl P.S. 377 Alejandrina B. De Gautier School nan Madi. Pwogram pou ouvri an Prentan 2020, tèren jwèt lan pral gen ladan pye bwa, yon pelouz an gazon, pave an beton yo ak lòt eleman enfrastruktir ekolojik yo ki ka kenbe jiska yon pous dlo lapli pandan tanpèt yo.

Elèv yo te dirije konsèp tèren jwèt la, sa ki ede yo pran konesans ki presye ak aptitud pou lavi yo, ki gen ladan fè bidjè, negosyasyon, ak syans anviwònmanal.

Komisè Pwovizwa Pak Eta yo, Erik Kulleseid, te deklare, "Non sèlman tèren jwèt yo se resous kominotè ki enpòtan, men tou yo te elabore yon fason entelijan ak prensip ekolojik yo nan lide yo. Chak tèren jwèt Vital Brooklyn ap amelyore Vil New York, epi mwen kontan anpil pou mwen wè espas vid sa yo ki ap transfòme pou vin espas ekolojik ki dinamik pou abitan New York yo. Mwen remèsye patnè nou yo ki nan The Trust for Public Land, New York Road Runners ansanm ak lekòl Vil New York yo poutèt yo ap fè vanse inisyativ krisyal sa a".

Direktè The Trust for Public Land nan Eta New York, Carter Strickland, te deklare, "Chak abitan Brooklyn ak Greater New York merite aksè a espas ekolojik ki byen mentni yo ki a yon distans 10 minit a pye de lakay yo. Pak yo ap amelyore byennèt tout kominote yo, sa ki ap bay espas ki enpòtan pou moun ka fè egzèsis, pou divètisman, ak batiman kominotè. Nan travay ansanm ak Eta a pou fè vanse pwogram pyonye Gouvènè Cuomo a, nou espere bay plis espas ekolojik ki vital nan Brooklyn Santral".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral New York Road Runners la, Michael Capiraso, te deklare, "New York Road Runners fyè pou li fè patenarya ak The Trust for Public Land nan kad inogirasyon tèren jwèt sa a nan P.S. 377, pou bay yon espas ekstèn pou jèn moun ki nan pwogram Rising New York Road Runners nou an pou yo fè kous epi jwe. Nou te travay ansanm ak Trust for Public Land depi 2016 pou devlope tèren jwèt yo ki nan tout senk awondisman yo, paske nenpòt moun ta dwe gen aksè a yon bèl pak kominotè ki sekirize".

Nydia Velázquez, ki se Manm Kongrè, te deklare, "Tèren jwèt, pak ak espas ekolojik yo se yon pati krisyal nan kominote yo ki ankouraje timoun yo eksplòre epi jwe. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap ouvri deplizanpli tèren jwèt yo nan Brooklyn Santral, sa ki ap kreye kominote ki pi an sante pou tout fanmi, zanmi, ak katye nou yo atravè apwòch global Vital Brooklyn lan. Mwen espere wè ouvèti nouvo tèren jwèt sa a ki pral reyèlman anbeli katye a".

Senatris Julia Salazar te deklare, "Kominote moun nwa ki gen revni fèb yo tankou Bushwick te istorikman jwenn refi pou bay yo aksè a espas ekolojik yo konpare a lòt kominote Vil New York yo. Reyalite sa a akonpaye ak divès lòt fason kote moun nwa yo prive de dwa yo nan sosyete nou an. Mwen kontan dèske Gouvènè Cuomo ak NYS Parks ap pran mezi pou rektifye enjistis sa a epi mwen espere travay ansanm ak yo pou pouswiv ekite global pou kominote Eta New York ki majinalize yo".

Manm Asanble a Erik M. Dilan te deklare, "Timoun Bushwick yo bezwen tout espas ekolojik ke yo ka jwenn. Mwen fyè poutèt mwen te travay ansanm ak Gouvènè Cuomo nan Vital Brooklyn pou bay yon nouvo tèren jwèt pou elèv P.S. 377 yo ak kominote a".

Manm Asanble a Maritza Davila te deklare, "Pak ak espas lib yo krisyal pou jèn nou yo ka devlope pou vin jèn granmoun ki an sante. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ansanm ak inisyativ Vital Brooklyn lan poutèt yo ap pote tèren jwèt ki nesèsè anpil sa a pou abitan kominote nou an yo ki nan Bushwick".

Prezidan Awondisman Brooklyn lan, Eric L. Adams, te deklare, "Aksè a espas ekolojik yo se yon faktè krisyal ki ap ede katye yo pwospere, men twòp kominote ki gen revni fèb yo pa gen yon jaden lokal oswa tèren jwèt ki a yon distans a pye de yo. Sa dwe chanje. Mwen fyè pou mwen fè patenarya ak inisyativ Vital Brooklyn lan pou elaji resous sa yo atravè Brooklyn, epi asire ke nou ap investi nan avni awondisman nou an ak vil nou an. Nou ta dwe tou eksplòre posibilite pou itilize resous ki egziste yo pou elaji opòtinite agrikòl ibèn yo. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou kontinye konstwi yon Brooklyn ki pi an sante, pi pwospè pou tout abitan yo".

Manm Konsèy Vil New York lan, Rafael Espinal Jr., te deklare, "Li eksitan pou nou konnen ke kominote a epi espesyalman timoun Bushwick yo pral byento gen yo kote pou yo pwofite de aksè a yon espas ekolojik ki sekirize pou divètisman ekstèn, gras a inisyativ Vital Brooklyn lan. Sa se yon santral aktivite ki byen merite pou elèv P.S. 377 yo ak pou katye a".

Tèren jwèt P.S. 377 lan pral konstwi ak asistans ki soti nan Pwogram Tèren Jwèt Vil New York yo (NYC Playgrounds Program) nan The Trust for Public Land. Depi an 1996, nan travay ansanm ak Vil lan, Pwogram Tèren Jwèt Vil New York yo nan The Trust for Public Land te fè konsepsyon epi/oswa konstwi plis pase 200 tèren jwèt nan lekòl ak nan kominote yo atravè senk awondisman. An plis de bay elèv yo sèvis, tout tèren jwèt ki nan Vil New York yo ouvri pou popilasyon an nan wikenn yo, apre lekòl yo, ak pandan poz lekòl yo, sa ki ap bay opòtinite pou alafwa timoun ak granmoun yo ka aktif fizikman. Pwogram lan te ajoute plis pase 65 ekta espas tèren jwèt adisyonèl ki ap bay sèvis a prèske 4 milyon moun ki ap viv a yon distans 10 minit a pye de youn nan espas sa yo.

Pak The Trust for Public Land yo ap itilize eleman enfrastrikti ekolojik yo tankou pave an beton yo ak plant ak pye bay ke yo te chwazi espesifikman yo. Lè nou konstwi pak ki gen enfrastrikti ekolojik yo nan lide yo sa ap ede amelyore rezistans Vil New York fas a tanpèt majè yo.

Debòdeman tanpèt yo sichaje sistèm bouch egou Vil New York lan, epi dechè yo menase dlo ki nan rivyè ak bè dlo yo, sa ki ap andomaje anviwònman an. Tèren jwèt ki nan P.S. 377 lan pral kapab kenbe jiska yon pous dlo lapli pandan tanpèt yo, sa ki ap anpeche dlo yo kouri nan lari yo epi desann nan drenaj pou tanpèt yo. An plis, pye bwa yo plante yo pral bay avantaj pou klima Vil New York lan, ki ap pote lonbray nan mitan rezo lari ki an beton yo epi amelyore kalite lè a.

Inisyativ 1.4 milya dola Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a ap chèche transfòme rejyon Brooklyn Santral la lè yo ap idantifye epi investi nan ywit espas ki entegre yo ki pral ede etabli yon paradig nasyonal pou abòde inegalite kwonik yo, tankou vyolans sistemik ak povrete ki anrasinen nan kominote ki gen anpil bezwen yo. Plan global la vize aksè ki ogmante nan espas lib yo ak divètisman, ki gen ladan ouvèti nouvo [pak eta a](#) ki mezire 165 ekta epi ke yo te nonmen an onè a Shirley Chisholm, yon pyonye ki te fèt nan Brooklyn ki te premye Manm Kongrè Amerikèn Afrikèn, ansanm ak premye fanm ak Amerikèn Afrikèn ki te patisipe nan eleksyon pou Prezidan. An plis, yo ap bay tou 10.6 milyon dola pou transfòme ywit lakou lekòl pou yo vin tounen tèren jwèt kominotè ak espas lib, 3.1 milyon dola pou transfòme prèske de douzèn jaden kominotè, ak 1.8 milyon dola pou amelyore kat sant rekreyasyonèl atravè Brooklyn Santral.

Inisyativ Vital Brooklyn lan ap sipòte Dekrè Egzekitif "Health Across All Policies/Age-Friendly NY" Gouvènè Cuomo a, ki ap pase ajans eta yo enstwiksyon pou enkòpore prensip kominote ki apwopriye pou tout tranç laj epi pou sante yo nan pwogram ak politik ki enpòtan yo. An patikilye, inisyativ Vital Brooklyn lan ap sipòte aksè a manje ki bon pou sante, espas piblik ki sekirize epi ki pwòp, epi elaji opòtinite pou divètisman ekstèn yo.

Tèren jwèt P.S. 377 lan te posib atravè yon patenarya ak Inisyativ Vital Brooklyn lan, Depatman Edikasyon an (Department of Education), Otorite Konstwiksyon Lekòl yo (School Construction Authority), New York Road Runners ansanm ak The Trust for Public Land.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)